



Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON NOUVO RÈGLEMAN YO PWOPAZE K AP OFRI ANPIL PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU MOUN KI FÈ PRÈ ETIDYAN YO

Nouvo Règleman Depatman Sèvis Finansye a Pwopoze a gen Ladan Detay Nòm ki Vize Rezoud Pwoblèm Endistri Jesyon Prè Etidyan an ap konfwonte Depi Byen Lontan yo

Règleman yo Pwopoze a Dwe Gen yon Peryòd 60 Jou pou Kòmantè Piblik, Apresa DFS pral Revize Kòmantè yo epi Pibliye yon Règleman Final

Jesyonè Prè Etidyan yo Dwe Soumèt Aplikasyon Demann Lisans yo Atravè Sistèm Oktwa Lisans Nasyonal pou Plizyè Eta

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo règleman yo pwopoze ki pral ofri anpil pwoteksyon konsomatè pou moun New York ki fè prè etidyan yo. Règleman an konte egzije konpayi ki jere prè etidyan Nouyòkè yo genyen yo satisfè nouvo nòm yo sa ki pral rezoud pwoblèm k ap ravaje endistri jesyon prè etidyan an. Règleman yo pwopoze a dwe gen yon peryòd 60 jou pou kòmantè apre yo pibliye l nan Rejis Eta a 31 Jiyè 2019. Apresa, Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) pral revize tout kòmantè yo resevwa yo epi pibliye yon règleman final.

"Pandan administrasyon federal la ap inyore pwoblèm kwasan dèt prè etidyan an, New York ap pran mezi pou l pwoteje moun ki fè prè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa a pral ede redui pratik wonte endistri jesyon dèt etidyan ap antreprann yo epi responsabilize moun ki fè prè yo pou yo fè pi bon chwa enfòmè konsènan fason pou yo finanse edikasyon yo."

Anba règleman yo pwopoze a, y ap egzije jesyonè prè etidyan yo pou yo:

- Bay enfòmasyon klè ak konplè konsènan frè, peman yo dwe, ak kondisyon ak modalite prè yo;
- Aplike peman nan meyè enterè moun ki fè prè a, olye yo chache fason ki maksimize frè sèvis yo,
- Enfòmè moun ki fè prè a de opsyon ranbousman ki baze sou revni yo ak opsyon egzonerasyon ranbousman prè yo;
- Mentni epi bay konsomatè yo istwa detaye sou kont yo;
- Lè yon moun ki frè prè prefere transfere al jwenn nan yon nouvo jesyonè, asire yo transfere avèk prè a tout enfòmasyon jesyon prè ki nesèsè yo pou anpeche yo entèwonpi ranbousman moun ki fè prè a.
- Bay ajans evalyasyon kredi yo enfòmasyon presi; epi
- Bay konsomatè ki pote plent yo repons sibstansyèl epi atan.

Règleman yo pwopoze ke yo te anonse jodi a pral entèdi jesyonè prè yo defwode oswa twonpe moun ki fè prè yo, angaje nan nenpòt pratik oswa zak ki enjis, deseptif, abizif oswa predatè, oswa mal aplike peman moun ki fè prè yo.

"Nou pran angajman pou n garanti ke tout Nouyokè yo gen opòtinite pousuiv yon bon jan kalite edikasyon nan pri abòdab", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Kriz prè etidyan an se yon pwoblèm toutbon, epi travay n ap fè pou n pwoteje moun ki pi vilnerab sou plan finansye yo se toujou yon premye priyorite. Nouvo règleman sa a pral ofri plis pwoteksyon pou n pi byen sèvi anpil milyon moun ki fè prè etidyan yo toupitou atravè eta a."

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda Lacewell, te deklare, "Plis pase 2 milyon moun ki fè prè etidyan nan New York yo, ki deja ap pote gwo fado dèt la, pa dwe souffri abi anba men jesyonè prè etidyan yo apre yo fin investi nan edikasyon yo. Nou atann pou n pwoteje elèv yo, fanmi yo, ak avni yo anba nouvo rejim règlematè sa a".

Senatè Kevin Thomas, ki se Prezidan Komite Zafè Konsomatè (Consumer of Affairs Committee) Sena a, te deklare, "Nouyòkè yo merite gen opòtinite ki ekitab ak egal pou yo kapab vance pi lwen nan edikasyon yo. Pandan tout karyè m, mwen te wè twòp etidyan ki te viktim anba men pretè predatè yo pandan yo t ap chache jwenn yon lavi miyò. Adopsyon lwa sou jesyonè prè etidyan an reprezante yon reyisit enpòtan nan kad efò n ap fè pou n garanti pwoteksyon konsomatè moun ki fè prè etidyan yo byen bezwen".

Senatè James Sanders Jr., Ki se Prezidan Komite Labank (Banks Committee) Sena a, te deklare, "Mwen konplètman an favè pwoteksyon pou konsomatè prè yo pwopoze yo ki pral ede asire yo pa viktimize moun ki swete fè prè etidyan yo pou yo ka kontinye edikasyon yo nan pwosesis la. Se domaj kèk pretè mete pwòp enterè pa yo avan entèrè moun ki fè prè a, epi li enpòtan pou nou dekouraje pratik wonte sa yo".

Manm Asanble Michael DenDekker, ki se Prezidan Komite Zafè Konsomatè (Consumer Affairs Committee) Asanble a, te deklare. "Endistri jesyon prè etidyan gen yon istwa pwoblematik kote yo viktimize moun ki tou senpleman ap chache resevwa yon edikasyon. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak DFS paske yo alatèt chanjman k ap fèt nan kad efò pou garanti gen règleman solid ki an plas pou endistri jesyon prè etidyan an. Kounye a, New York rejwenn eta pwogresif lidè yo nan kad efò k ap fèt pou yo bay moun ki fè prè etidyan yo pwoteksyon konsomatè esansyèl yo".

Manm Asanble Kenneth P. Zebrowski, ki se Prezidan Komite Labank Asanble a, te deklare, "Taktik fwodilez ak twonpez sa a agrave yon pwoblèm dèt etidyan ki deja ekrazan. Nouvo pwoteksyon sa yo pral asire ke yo trete etidyan yo nan fason ekitab ak onèt".

Jesyonè prè etidyan yo dwe soumèt aplikasyon demann lisans yo atravè Sistèm Oktwa Lisans Nasyonal pou Plizyè Eta a (Nationwide Multistate Licensing System, NMLS), ki se yon sistèm oktwal lisans nasyonal, sekirize, ki sou entènèt. Aplikasyon demann lisans lan pral disponib pou ranpli sou sitwèb NMLS la 1ye Out 2019.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis oktwa lisans lan, vizite [Resous Oktwa Lisans pou Jesyon Prè Etidyan DFS la](#).

W ap jwenn kopi règleman yo pwopoze a [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)